

habitat	abita	espas kote yon òganis pase lavi li.
hair follicle	folikil ki gen pwal	kavite etwat ki nan dèm kote chak grenn cheve ap grandi.
half-life	demi-vi	Tan ki nesesè pou mwatye nwayo yon izotòp radyo-aktif dekonpoze an pwodui ki ladan li yo.
halogen	alojèn	Yon eleman gwoup 7A ki reyaktif anpil.
haploid	aployid	selil ki gen youn nan chak kalite kwomozòm; sa vle di selil la genyen yon aployid oswa n, ki reprezante kantite kwomozòm yo.
hardness	dite	Mezi sou fasilite yon mineral ka grate; mezi sa a detèmine avèk aranjman atòm yon mineral.
harmonics	amoni	Fekans ki pi wo, ki se miltip pè frekans fondamantal la; frekrans sa yo bay sèten enstriman mizik pwòp son inik yo.
heat	chalè	Yon fòm enèji ki sikile ant yon objè ki trè cho ak yon objè ki frèt anpil.
hemoglobin	emoglobin	molekil pwoteyin ki gen fè nan globil wouj ki melanje avèk oksijèn epi ki charye li ant poumon yo ak selil kò a.
heredity	eredite	transmisyon karakteristik paran ba pwojeniti yo.
heterogeneous mixture	melanj etewojèn	Se yon melanj ki pa gen yon konpozisyon inifòm epi se kote sibstans endividyèl yo rete diferan.
heterotrophs	etewotwòf	òganis ki pa fè pwòp manje yo epi ki dwe jwenn manje sou lòt òganis yo enèji ak eleman nitritif.
hibernation	ibènasyon	Se eta metabolis redui ki fèt sou zannimo ki dòmi pandan anpil pati nan mwa sezon livè frèt yo; yon tanperati zannimo bese, konsomasyon oksijèn nan diminye epi to respirasyon an diminye.
highlands	rejyon montaye	Espas nan lalin ki gen koulè pal, ki montaye, ki gen anpil kratè epi ki konpoze prèske avèk brèch lalin nan.
homeostasis	omeyostazi	règleman òganis ki anviwònman entèn li pou konsève kondisyon ki apwopriye pou li sivi; se yon karakteristik tout kreyati vivan.
hominids	ominide	Gwoup primat dwat ki mache sou de (2) pye; yo gen ladan omo sapyens tou.
<i>Homo sapiens</i>	Omo Sapyens (Homo sapiens)	Se espès imen fè pati.

homogeneous mixture	melanj omojèn	Se yon melanj ki gen yon konpozisyon inifòm toupatou epi ki toujou gen yon sèl etap; li rele solisyon tou.
homozygous	omozigòt	lè gen de (2) alèl ki idantik pou yon karakteristik.
hormone	òmòn	se sibstans chimik ki pwodui nan yon pati yon òganis epi ki ale nan lòt pati a, kote li lakòz yon chanjman fizyolojik.
host cell	selil ot	selil vivan kote yon viris repwodui pa replikasyon.
hot spot	pwen cho	Espas cho iregilye nan manto tè a ki estasyonè pandan peryòd tan long, kote panach sibstans manto a ki gen wot tanperati monte sou sifas la.
hot spring	sous cho	Sous tèmik ki gen tanperati ki pi wo pase sa ki nan kò imen.
human genome	jenòm imen	kat pou apeprè 80,000 jèn sou 46 kwomozòm imen ki, lè yo trase ak òdone, ka bay enfòmasyon sou tretman oswa oswa gerizon dezòd jenetik.
humidity	imidite	Kantite vapè dlo ki nan lè a.
hybrid	ibrid	pwojeniti paran fòm; paran sa yo gen diferan fòm nan yon karakteristik.
hydrate	idrat	Yon konpoze ki gen yon kantite espesifik moelkil dlo ki ini ak atòm li yo.
hydrocarbon	idwkoabi	Pi senp ponpoze òganik ki fòm sèlman avèk eleman kabòn ak idwojèn.
hydrogen bond	lyezon idwojèn	lyezon chimik fèb ki fòm nan atraksyon atòm idwojèn ki gen chaj pozitif avèk atòm ki gen chaj negatif.
hydrolysis	idwoliz	Reyaksyon chimik dlo avèk lòt sibstans.
hydrosphere	idwosfè	Tout dlo nan oseyan, lak, lanmè, rivyè ak glasye latè, plis tout dlo ki nan atmosfè a.
hydrothermal vent	chemine idwotèmàl	Chemine dlo cho nan lanmè fon ki gen enèji an eleman nitritif ki nesèsè pou orijin lavi a.
hygrometer	igwomèt	Enstriman metewolojik ki itilize pou mezire imidite relatif la.
hypertonic solution	solisyon ipètonik	nan selil yo, se solisyon kote konsantrasyon sibstans fonn deyò selil la pi fò pase konsantrasyon ki andedan selil la; sa lakòz yon selil ratresi lè dlo soti nan selil la.

hypothalamus	ipotalamis	pati sèvo a ki konekte andokrin nan ak sistèm nève a, epi ki kontwole glann pituitè a lè li voye mesaj ba glann pituitè a, ki degaje pwòp sibstans chimik li oswa eksite lòt glann yo degaje sibstans chimik.
hypothesis	ipotèz	esplikasyon pou yon kesyon oswa yon pwoblèm ki ka teste fòmèlman.
hypotonic solution	solisyon ipotonik	nan selil yo, se solisyon kote konsantrasyon sibstans fonn fonn yo pi fèb an solisyon deyò selil la pase konsantrasyon ki andedan selil la; sa lakòz yon selil gonfle epi pètèt eklate lè dlo antre nan selil la.